



Pou Piblikasyon Imedya: 05/04/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL MANDE DEPATMAN KONSÈVASYON ANVIWÒNMANTAL LA
POU YO TRAVAY AK PATNÈ FEDERAL, ETA AK LOKAL YO POU KENBE
NORTHROP GRUMMAN KÒM RESPONSAB**

***Bidon ki anvlope yo jwenn nan Pak Kominotè Bethpage la pa gen okenn risk
imedyat pou sante ak sekirite piblik***

Gen tè s rada ankou pou idantifye ak trete tout lòt bidon anba tè yo jwenn

Investige ak netwaye polisyon eritaj se yon priyorite pou Eta New York

Gouvènè Kathy Hochul te mande Depatman Konsèvasyon Anviwònman (Department of Environmental Conservation, DEC) jodi a pou l travay ak patnè federal, eta ak lokal yo pou rann Northrop Grumman responsab pou netwayaj k ap kontinye nan Pak Kominotè Bethpage apre dekouvèt resan sis bidon 55 galon nan yon zòn boukle ki anba ansyen teren boul la. Anba sipèvizyon rijid DEC, aksyon sa yo kontinye fè avanse ankèt konplè, konfinman ak netwayaj dlo anba tè Navy-Grumman Ameriken ki asosye ak operasyon istorik etablisman Bethpage Grumman ak Plant Rezèv Endistriyèl Zam Naval Ameriken an. Yo te jwenn bidon ki anvlope yo pandan netwayaj kontinyèl zòn teren jwèt ak boul nan vil Oyster Bay.

"New York se yon lidè nasyonal lè sa gen pou wè ak trete polisyon eritaj epi n ap deplwaye yon efò masiv pou netwaye Pak Kominotè Bethpage epi pwoteje rezidan Oyster Bay yo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "M ap dirije DEC pou travay ak patnè yo pou amelyore efò netwayaj k ap fèt pou bay Nouyòkè yo lapè nan lespri pandan n ap kontinye pwoteje dlo pou bwè yo epi rann polyè yo responsab."

Anba direksyon Gouvènè Hochul, DEC ap mande Northrop Grumman pou l ranfòse efò ki ankou epi aplike plis netwayaj nan sèten zòn ki gendwa sibi plis konstriksyon oswa aktivite enfrastrikti. Northrop Grumman te deja pran angajman pou retire de (2) pye anwo tè ki sou teren boul la epi ranplase li ak yon ranblè pwòp, ki t ap ka satisfè estanda netwayaj pou yon teren espò aktif.

Kòm yon pati nan plan netwayaj pou trete tè ki kontamine ak PCB, DEC pral mande Northrop Grumman tou pou l jete tout tè ki kontamine andeyò sit la nan yon enstalasyon

pou elimine yo ki gen lisans olye pou itilize materyèl sa a kòm ranblè nan pati fon fouym la jan yo idantifye l nan yon plan anvan.

Pou ede kenbe pwojè a sou wout li ap vanse, DEC ap mande Northrop Grumman tou pou l devlope yon orè detaye ak penalite nan yo pa respekte delè ak dimansyon travay yo.

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York la Basil Seggos te deklare, "Nou pran angajman pou nou soutni efò Eta New York ap fè pou kenbe ak netwaye totalman dlo anba tè Navy-Grumman. Travay sa a se yon pi gwo priyorite pou Eta New York e jodi a nou kanpe ak Gouvènè Hochul pou voye yon mesaj solid bay polyè yo ke nou pral rann kont pou domaj yo lakòz nan anviwònman an ak kominote nou yo."

An repons a dekouvèt nan fen mwa mas 2024 la nan sis, bidon 55 galon anvlope an beton anba zòn teren boul nan Pak Kominotè Bethpage, DEC ap travay ak patnè eta, federal, ak lokal yo pou asire ke yo pran mezi pou yo evalye kontni veso yo san danje epi devlope yon plan pou retire bidon yo pou manipile ak jete sa ki apwopriye yo. Dekouvèt bidon yo pa reprezante okenn menas imedyat pou sante ak sekirite piblik sou sit la. DEC pral mete ajou vil la ak kominote a konsènan echantiyon konfimasyon yo pran alantou bidon ki anvlope yo amezi enfòmasyon yo vin disponib. Gen plis tès, ki sèvi ak rada k ap antre nan tè a, pou idantifye ak adrese nenpòt lòt bidon anba tè ki ka prezan. Aprann plis sou inisyativ sa yo sou [sitwèb DEC](#) la.

DEC ap kontinye sipèvizè netwayaj Pak Kominotè Bethpage la nan vil Oyster Bay nan kad efò Eta a ap kontinye fè pou mennen ankèt, konfine ak netwaye dlo anba tè Navy-Grumman. Sipèvizyon sa a te deja mennen nan konplete avèk siksè plizyè aktivite netwayaj, ki gen ladan pi siveyans dlo anba tè, nan pak la ki te retire plizyè milye liv kontaminan sit nan tè ak dlo anba tè, retire plis pase yon milya galon dlo anba tè ki kontamine, anpeche kontaminan yo migre andeyò sit la, epi li pwoteje sistèm Akwifè Long Island Sole Source.

Dekouvèt bidon yo nan yon zòn netwayaj kontinyèl nan teren boul la pa reprezante yon menas pou sante ak sekirite piblik sou sit la. Anplis de sa, depi 2009, DEC te mande pou kontinye operasyon yon Sistèm Konfinman dlo anba tè nan pak la, ki te retire plis pase 2,500 liv konpoze volatil depi demaraj li. Sistèm konfinman sa a te efektivman anpeche kontaminasyon ki soti nan tout migrasyon kontinyèl andeyò sit la ale nan Sistèm Akwifè Long Island la ak rezèv dlo piblik degrade ki desann. Epitou, siveyans depi 2009 la te montre bon jan kalite dlo anba tè a ap amelyore degradasyon nan pak la, epi rezidan vil Oyster Bay yo kontinye bwè dlo ki satisfè nòm eta ak estanda dlo potab federal yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)